

Edenn Satan

65-0829

Branham Tabènak, Jeffersonville, Indiana, Etazini

1 An nou koube. Bondye damou, nou genyen W rekonesans aswè a pou gwo opòtinite sa, pou vini ankò lan Non Seyè Jezi, pou rankontre lenmi nou, lenmi Ou, deyò isit la sou chan batay la, ak Pawòl la, pou chase l soti nan mitan pèp Ou, pou yo ka wè, aswè a, Seyè, Limyè Levanjil la. M priye ke Ou va wenn jye nou ak netwayan pou jye, konsa yo va louvri a Verite a, konsa nou ka pati isi a, pou ap di nan kè nou, “Èske kè nou pa t ap brile anndan nou pandan Li t ap pale avèk nou sou tout longè wout la?” Geri malad ak aflije yo. Ankouraje sila ki dekouraje a. Leve men fèb yo ki te bese yon lè. Ke nou kapab ap veye Vini Seyè Jezi a, ke nou kwè ki pwòch. Nou mande sa lan Non Jezi. Amèn.

Chita non.

2 M ap eseye brèf aswè a, paske m konnen gen anpil ki soti nan diferant pati peyi a, pou...pou sèvis la, oswa k ap rete plis tan, kèk nan nou, epi yo gen pou retounen, petèt yon fason pou yo ka vini ankò. E mwen di nou mèsi. Maten an m te vle tandè Frè Neville, pou tèt pa m. M abitye tandè l anpil fwa, e m pa t janm tandè l nenpòt lè a san se pa t pou apresye l. Men maten an, ak mesaj sa ki te byen tonbe a, m konnen ke m te genyen gidans Seyè a pou m te tandè sa maten an. Se te trè byen! E m wè pou ki rezon nou menm moun yo renmen vini pou tandè l, tou. E, mwen sèten, li va toujou fè w di byen, pou tandè l.

3 M t ap eseye ratrape kèk nan entèvyou m yo jodi a, maten an epi apremidi an. Mwen toujou gen yon bann, bann, pakèt pou m fè. Epi mwen...

4 Tankou, mwen kwè, se te Jetwo ki te di Moyiz on lè, li te di, “Sa jis twòp pou ou.” Kifè, nou gen yon pakèt frè isit la sou pwoblèm ou yo. Epi yo chak te lejitim, e yo se dè bagay ki egzije ke yo pran swen yo. Mwen ta rekòmande pastè nou, oswa Frè Mann, ak lòt minis ki pataje Fwa pa nou isit la. Ou ka al kote yo. Yo va jis di w egzakteman kisa pou w fè; gen de moun, timoun pa yo, ap melanje maryaj, oswa bagay ki fo. Mesye sa yo ka ede w jis menm jan ak--ak nenpòt lòt moun, paske yo se sèvitè Kris. Al kote yo, e mwen sèten yo va--yo va ba w èd ke w bezwen. M paka atenn yo tout. Yo jis tèlman anpil, tout kote w ale. Yo jis kontinye ap

akimile piwo ak piwo ankò, ou wè. E--e ou ta renmen atenn yo chak, men ou paka fè sa. Men m ap priye san rete ke Bondye, nenpòt ki jan an, va aranje sa byen kòrèk pou ou.

5 Bon, aswè a, nou vle ale nan Lèzekriti, pou li yon pòsyon Ekriti nan Jenèz, chapit 3; jis pou refere yon tikras a kèk bagay nou t ap pale de yo, nan tan pase, e pou wè si Seyè Jezi va bannou on tikras pi plis sou sa nou va konnen lè nou va soti pou ale. M priye--priye ke Li va fè l.

Sèpan se bèt ki te pi rize nan tout bèt raje Seyè a, Bondye a, te kreye. Li di fanm lan konsa: Èske Bondye te janm di piga nou manje donn tout pyebwa ki nan jaden an?

Fanm lan reponn sèpan an: Nou gendwa manje donn tout pyebwa ki nan jaden an.

Men, kanta pou pyebwa ki nan mitan jaden an, Bondye di: Piga nou manje ladan l, piga nou manyen l menm. Sinon, n ap mouri.

Lè sa a, sèpan an di fanm lan: Se pa vre. Nou p ap mouri kras.

Bondye di nou sa paske li konnen jou nou manje ladan l, je nou va louvri. N a vin tankou Bondye, n a konn sa ki byen ak sa ki mal.

Fanm lan gade, li wè jan pyebwa a te bèl, jan fwi yo sanble yo ta bon nan bouch. Li santi li ta manje ladan l pou je l ka louvri. Li keyi kèk fwi. Li manje, li pote bay mari l ki manje tou.

Manje yo finn manje, je yo louvri: lè sa a, yo vin konnen yo toutouni. Yo pran kèk fèy figfrans, yo koud yo ansanm, yo fè tanga mete sou yo.

6 Ke Seyè a ajoute...benediksyon Li sou lekti Pawòl Li. Kounye a m ta renmen pran yon tèks aswè a, ki soti nan sa, pou rele l: *Edenn Satan*. Sa on jan ale ak, lòt Dimanch swa, mwen kwè, lè m t ap pale avè w isit la sou *Filtè Yon Nonm Ki Reflechi*, gou yon nonm ki sen.

7 Pafwa ti ekspresyon tou kri sa yo mennen nou nan kichòy; sa mennen nou etidye, epi voye w al li Pawòl la. E se sa m vle tout kongregasyon m lan fè. "Lòm pa p viv de pen sèlman, men de tout Pawòl ki soti nan bouch Bondye." Kifè, li Pawòl la; etidye L. E etidye avèk jye Bondye, pou bay konpreyansyon entèlektyèl ou kijan nou ta dwe viv nan jounen jodi sa.

8 Bon pou m te desann vini, aswè a, jis pou pale avè w, pou di, "Ebyen, m te ka fè sesi oswa *sela...*"

9 M ta renmen pale ak moun yo, menm jan tankou m ta menm renmen al lakay avèk nou chak aswè a. Mwen...Bondye konnen se verite. M ta renmen al lakay avèk nou chak, pou--pou

manje--pou manje ti dejene nan maten avèk nou, epi--epi--epi soti al lachas ekirèy avèk nou demen apremidi, ou wè. M--m ta renmen fè sa, men m--m pa kapab fè sa. M ta renmen al lakay pou jis chita ap pale avè w; chita sou galri a apre sèvis la, pou ap pale avèk nou yon tatan, ap pale avèk nou konsènan sante nou epi konsènan Bondye. M ta renmen fè sa. Gason ak fanm anndan bò isit la; Bondye konnen ke m ta renmen fè sa, men m paka fè l. Ou wè, gen jis yon tèl--yon tèl atirans ak rale byen fò.

10 E--e nan aj sou tansyon sa ke n ap viv ladann lan...Mwen se yon moun ki sou tansyon, pou tèt pa m. Jodi a mwen ka fè m yon ide de yon bagay, ke "Mwen jis oblije fè l," epi demen sa pati a yon milyon mil kite m; gen yon bagay ki te fè operasyon sa pou te fè *sesi* ak *sela*. Epi ou gen yon tan limit, pou ap eseye gade espri w an plas.

12 Pandan m t ap tande mesaj pwisan sa maten an sou...Frè Neville te pote pou nou an, konsènan...M kwè se te tèlman mèveye, jan li te di la, "Yon doktè va dyagnostike ka a; men nonm sa ki vin ak yon kastwòl ranpli ak zegwi, li ba l enjeksyon an." Kifè m te panse ke se te vrèman yon--yon veritab ti ekspresyon ki bèl. M t ap panse a sa, "seròm lan, apre ke ka te fin dyagnostike." Kifè se yon trè bon bagay.

13 Mwen te vle pale yon bagay avèk ou, pou te eklere pou ou pwomès Bondye pou aj sa a. Ou wè? Yon bagay, pa yon bagay ke yon lòt moun te ladann yon lòt jou, men yon bagay...epi lè...Bagay sa yo kòrèk; nou tout refere nou a bagay sa yo. Men m te panse m taka pote yon bagay nan lespri w, avèk Ekriti sila yo ke m ekri la, ki taka eklere w, pou konnen, pou rann ou yon meyè sòlda nan chan an kote w ap konbat kounye a; pou aprann taktik lenmi an, konsa w ap ka bloke tout bagay anvan yo atenn ou, ou wè. Se sa ki bagay prensipal la, se pou w aprann gade kou yo--yo lwen ou, an otan ke w kapab.

14 Bon, annou gade kounye a gwo bagay sa...pou kèk minit, gran jou peche sa, ke n ap viv ladann lan. M pa kwè te janm gen yon jou ke m te janm li nan listwa...Te gen pi gran jou pèsekisyon, kan yo t ap touye pitit Bondye tout kote. Men pou ap gade twonpri lenmi an, nou pa t janm te gen yon jou tankou sa n ap viv ladann kounye a. Se jou ki pi mètdam, ki pi twonpè. E lè m te wè sa, sa te mennen bagay sila a, ke, Kreyen an dwe plis sou gad li jodi a ke l te janm ye nan nenpòt aj la.

15 Kounye a, pou retounen nan jou pèsekisyon, Wòm yo, sou Legliz, yon Kreyen ki te fè yon erè, yo te konn voye l nan arèn lan pou fè Lyon manje l, oswa yon bagay konsa, kan yo te dekouvri ke l te yon Kreyen poutèt temwayaj li. Men nanm li te sove, paske li te yon kwayan pur, san melanj nan Bondye, e ak kè kontan li te sele temwayaj li ak san pa l. Pandan venn yo te pete, oswa twou nan kò l la, ak san ki t ap koule soti, li te ka ap kriye fò, ak veritab fwa lwayal, pou di, "Resevwa lespri mwen, Seyè Jezil!"

16 Men, kounye a, fason mètdam dyab la kounye a, fè moun yo kwè ke yo se Kretyen alòske yo pa sa. Men bagay la. Ou pa bezwen sele...Se--se yon jou pi mètdam ke sa te ye, ke lè w te dwe sele vi w--w ak temwayaj ou. Dyab la te tann chak pyèj mètdam ke l te kapab, pou...Li se yon twonpè. E Jezi te di nou, nan Matye 24, kijan jou sa ke n ap viv ladann lan t ap ye, jou ki pi twonpè ki te janm egziste, "tèlman pwòch ke li t ap sedwi menm Elu Bondye a si l te posib pou l sedwi."

17 Kounye a annou konpare kèk Ekriti, oswa kèk pwofesi ki te fèt nan Bib la, pou jodi a, epi konpare l avèk jou ke n ap viv ladann kounye a.

18 Nan 2 Timote 3, nou aprann sa, pwofèt la te di, ke, "Sa va rive nan jou sa yo, ke lèzòm va gen tèt di, anfle ak lògèy, dè moun ki renmen plezi plis ke Bondye." Konpare sa kounye a, jis yon ti moman. Nou pa p...Nou pral jis pase vit sou sa, paske nou pa gen pakèt tan pou pase atravè l okonplè jan nou ta dwe pran l; men jis pou souliye l, konsa w ap ka wè l lè w rive lakay ou pou etidye l. "Tèt di, anfle ak lògèy, dè moun ki renmen plezi plis ke Bondye; moun san pawòl, fo akizati, san retni, epi ap meprize sa yo ki moun de byen." " Kounye a Lespri te di aklè ke bagay sa yo t ap rive nan dènye jou yo." Sa se jou sa yo, pwofesi a te pale sou sa.

19 Bon nou li, tou, nan Apokalips...14, Apokalips 3:14, pito, Aj Lawodise a, kijan legliz t ap ye nan dènye jou sa. Epi sa t ap, Li te di, "Li t ap chita tankou yon vèv ki pa t bezwen anyen. Yo--yo te rich, epi ap ogmante byen yo, epi yo pa konnen ke yo pòv, mizerab, pòv, avèg, epi toutouni, e yo pa konn sa." Bon...Kounye a, sonje, L ap pale a legliz aj sa a, "pòv, avèg toutouni, epi yo pa konn sa." Dènye fraz sa, dènye Pawòl sa, se sa ki rann bagay la tèlman frapan. Yo panse ke yo byen ranpli ak Sentespri a, yo tout nèt yo prè. Aj Legliz Lawodise a se Aj Legliz Pannkotis la, paske se dènye aj legliz la. Luther te gen mesaj pa l; Wesley te gen mesaj pa l; e Pannkot te gen mesaj pa yo.

20 Epitou, Sa te di, ke, "Poutèt ou tyèd, ou pa ni cho ni frèt," emosyon eksteryè yo, konsepsyon mantal sou Levanjil; Li te di, "poutèt," "se fason sa ou ye, M ap vomi w nan bouch Mwen." Nan lòt mo, sa rann Li malad pou wè legliz nan kondisyon sa.

21 E, sonje, yo te vomi L mete deyò; e Li te retwouve L deyò legliz, ap eseye retounen antre anndan, nan Aj Legliz Lawodise tèrib sa.

22 Dye mond sa jodi a, moun nan mond sa ke yo ap adore jodi a, se Satan. E moun yo pa konsyan y ap adore Satan, men se Satan ki ap imite li menm antan ke legliz, ou wè, antan ke legliz. Yo ap adore Satan, pansan ke yo ap adore Bondye atravè legliz, men se fason sa ke Satan fè l.

"O," ou va di, "men tann yon minit; nou preche Pawòl la."

23 M ap retounen la nan tèks mwen an, aswè a. Satan se te sila ki te preche Pawòl la bay Èv, an premye, "Bondye te di sa," ou wè.

24 Se zafè mal konstwi pati Ekriti sa ki aplike pou jounen jodi a. Li va fè w konnen ke tout sa Jezi te fè te pafètman byen. Li va fè konnen ke tout sa Moyiz te fè te pafètman byen. Men kan w pran pwomès ke Yo te bay pou jou sa a, alò Sa te aplike pou yon lòt aj. Se senpleman tout sa I te dwe fè, ou wè, se fè moun yo kwè Sa fason sa, e se--se tou. Paske, "Ou paka retire yon sèl Mo Ladann, oswa ajoute yon sèl mo." Men se sa I fè.

25 Moun, nan inyorans ap adore Satan, pansan yo ap adore Bondye; pandan ke yo te avèti nou pa pwofesi, nan 2 Tesalonisyen. Ke, annou jis li sa, 2 Tesalonisyen, chapit 2 a. Annou jis pran I yon moman, si m kapab, rapid vit. M ta renmen li sa. Jis, m kwè, se 2 Tesalonisyen. M gen Ekriti a la. Nan Dezyèm...

Kounye a nou priye nou, frè yo, sou zafè vini Seyè Jezi a...epi vini Seyè Jezi a...ak zafè rasanbleman ansanm avèk li a,

26 Bon, ou wè, "vini Seyè a, ak rasanbleman avèk Li legliz, menm jan Bondye pral rasanble pèp Li avèk Li nan dènje jou yo. "Rasanbleman pèp Seyè a," pa avèk legliz, "avèk Seyè a;

Pou nou pa ebranle byen vit nan panse nou, oswa...twouble---twouble, ni pa lespri, ni...pawòl, ni pa yon lèt kòm si sa te vin de nou, kòm si...jou Seyè a rive.

Ke pèsonn moun pa sedwi w pa kèlkeswa fason an: paske jou sa pa p rive, sof si ta gen yon refwadisman an premye, e nonm peche sa ("nonm peche, obsève kisa li ye kounye a), nonm peche a revele, fis pèdisyon an, (sa se te Jida, ou wè);

Ki opoze epi egzalte tèt li anwo tout sa yo rele Bondye, oswa sa yo adore; pou ke li menm antan ke Bondye li chita nan tanp Bondye a, ap montre tèt li.

27 Sa se sediksyon legliz jounen jodi sa! Ou wè, "fis pèdisyon an," dyab la. "Fis pèdisyon an," dyab la. Alò, moun yo ap adore Satan nan jou sa, pansan ke yo ap adore Bondye. Men yo ap adore atravè yon kredo, denominasyon ak kredo men lòm fè ki te mennen moun yo desann toutwat nan pi gwo sediksyon ke mond lan pa t janm konnen. Pe enpòt jan Pawòl Bondye a, ki te pwomèt pou jou sa, te preche ak konfime, yo toujou pa kwè L. Yo pap kwè L.

28 Alò poukisa? N ap mande poukisa. Poukisa sa pa t...poukisa yo pap kwè L? Kan Bondye di Li t ap fè yon sèten bagay, epi Li fè I, yo vire do yo kanmenm bay sa pou al fè wout yo. Jis tankou Èv te konnen ke sa Bondye te di, se sa Bondye t ap fè; men li te vire do I tounen bay sa, pou tande sa li te gen pou di.

29 Jis sonje, nan lòt aj yo, se te toujou menm bagay la. Nan chak aj, se te toujou Satan ki t ap eseye pèvèti Pawòl sa ba yo, pou ap fè yo wè yon lòt aj.

30 Gade, kan Jezi te vini, ou wè, Satan te nan bann anseyan Jwif sa yo, prèt ak raben yo, ap eseye di yo gade lwa Moyiz la, alòske Pawòl la menm te di ke nan jou sa Fis de lòm lan t ap revele, ou wè, ke Li t ap revele Pwòp Tèt Li. Kifè yo t ap eseye, osi lontan ke yo te kenbe yo relijye, ak lwa Moyiz la...Ou wè kisa I te fè? Li t ap eseye di yo, "Pòsyon Pawòl sa jis egzakteman kòrèk, men Nonm sa se pa Moun sa." Ou wè jan li twonpè? Se sa veritab jou sediksyon an.

31 Sa te, epi se sa kounye a, Satan k ap etabli wayòm li sou tè a. Se poutèt sa egzakteman I ap fè sa, paske li vle etabli pwòp wayòm li.

32 Antan k òm dafè, sa se pa yon Kretyen, li va travay chak plan I kapab pou fè w wè yon bagay movèz fason an. Si I gen yon--yon objektif ak yon enterè pèsònèl pou fè w fè sa, pou fè w wè I fason sa, li va montre tout sa I kapab, pou gade bagay la lwen verite a, paske li gen santiman sèlman pou pwòp tèt li. Pe enpòt konbyen fwa li manti epi triche, ak nenpòt kisa an plis la, li gen enterè pèsònèl.

33 E se pou sa Satan te fè sa. E li te travay atravè ministè a pou fè sa, jan Bondye te pwomèt li t ap fè I la. Kounye a, li te kòmanse pa yon sediksyon relijye an Edenn, e li te kontinye depi lè sa.

34 Pa nan plase yon bann kominis. Kominis pa gen anyen pou wè ak sa. Se legliz, se la ou dwe veye, ou wè. Se pa--se pa kominis ki va menm sedwi Elu a. Se legliz ki va menm sedwi Elu a, ou wè. Se pa kominis; nou konnen ke yo renye Bondye, e ke yo se antikris, se sèten yo se sa, an prensip, men se pa yo ki antikris la. Antikris la li relijye, trè relijye, e li kapab site Lèzekriti, pou fè L parèt tèlman klè.

35 Tankou Satan te fè laba nan kòmansman, li te site tout bagay nèt, "Bondye te di, 'Ou pa dwe manje nan tout pyebwa nan jaden an.'" Ou wè, site L byen kòrèk.

36 Li te reponn, "Wi, nou ka manje nan tout pyebwa nan jaden an, men gen yon pyebwa nan mitan jaden an ke Bondye di pou pa manje, pou, pa menm touche I; paske, jou nou ta fè sa, jou sa nou va mouri."

37 Li te di, " O, sètènman ou pap mouri. Men kite m ba w rezon kifè Bondye di sa, se paske..." Ou wè, kisa I ap fè kounye a? Li t ap site Verite sa, ou wè. Li te di, "Sa va louvri jye w, e sa va fè w konnen byen ak mal. Alò ou va vin tankou Bondye, si w ka fè sa."

38 Se jis sa li vle fè, e se jis menm bagay la l ap eseye fè jodi a. Te gen yon sediksyon relijye depi kòmansman an menm an Edenn, e se te sa depi lè sa. Nan tan Adan, se te yon sediksyon. Nan tan Noye, se te yon sediksyon. Nan tan Jezi, se te menm bagay la. E kounye a se menm lan, menm fason an, yon sediksyon relijye!

39 Bon, nou va remake ke tè a, kan Bondye te gen kontwòl li...te genyen l sou kontwòl Li. La, kan satan te pran kontwòl, akòz rejè Pawòl Bondye a. Te gen yon lè Bondye te gen tè a sou kontwòl Li. Li te plase l an òbit. Li te plase l, te fè l ap fonksyone. Li te fè tout bagay, te genyen l sou kontwòl Li. Kounye a n ap konpare sa avèk apre Satan te pran l sou kontwòl li.

40 Kounye a, sa te pran Bondye si mil an. Sa pat pran l tout tan sa, men Li te pran tout tan sa. Si mil an, poutèt yo anseye nou ke “yon jou nan Syèl se mil an sou tè a,” e se te nan si mil an, oswa nan sis jou ke Bondye te bati tè a. Bon, sa te pran bondye si mil an pou tabli li, kiltive l avèk bon semans pou pwodwi tout bagay dapre espès yo. Tout bagay dwe pwodwi dapre espès yo. Tout semans Li yo te bon, kifè sa dwe pwodwi dapre espès yo. Bondye te pran si mil an.

41 Finalman, kan Li te fini l nèt, epi finalman nou...finalman nou te rive avèk katye jeneral tè a, nan yon bèl kote etann la nan lès Edenn, ke yo te rele jaden d Edenn. Bondye te fè katye jeneral mond lan nan jaden d Edenn, an Ejipt, drèt nan bout ès jaden an ou te jwenn katye jeneral la.

42 E Li te mete pitit gason l ak madanm pitit gason l chèf sou tout bagay, sou tout bagay nèt. Se vre. Se sa Bondye te fè. Li te mete yo an plen kontwòl. Yo te ka pale ak van, ki te konn sispann soufle. Yo te ka pale ak pwebwa, e li te konn deplase de *isit* la a *laba* a.

43 Lyon an ak lou a tap manje ansanm, e moutan an te kouche nan mitan yo. Pa te gen okenn mekanste. Se te lapè pafè, amoni pafè, tout bagay nan pèfeksyon, jan lè Bondye te genyen l sou kontwòl li a. Epi li...remake, Li te gen ...Li te gen mond Li a, Li te vle ke tout bagay fonksyone. Li te vle ke tout bagay byen mache. Tout sak pou manje vejetasyon; anyen ki pou mouri, anyen ki pou detwi , anyen ki pou gate. Anyen menm... Se te jis pafè.

44 Epi nan tèt tout bagay sa a, li te mete pitit byeneme l yo, pitit gason l ak pitit fi l, yon mari ak yon madanm, pou kontwole l.

45 Bondye te tèlman kontan! “Epi l te repoze de tout zèv li yo, nan setyèm jou a,” epi li te konsakre setyèm jou repo sa a pou li.

46 Paske, Bondye te gade toupatou, apre L te pase si mil an ap fasonnen l ak prepare l, fè l vin a legzistans; epi plase mòn yo, epi fè vòlkan yo pouse mòn yo monte, ak bagay ki te rive nan eklatman yo; li seche l, li ranje l nan fason L te genyen l nan. Avrèdi se te yon bèl kote.

47 Pa te gen anyen tankou L, paradi ekstraòdinè Bondye yo! Ak dinozò jeyan sa yo, ak tout sa k te gen an plis, k ap ranpe sou li, ak bann gwo bèt yo; ki pa gen mechanste nan yo. Yo te osi dou key on ti chat. Yo pa t gen anyen ditou; non—okenn maladi, okenn lapenn; pa gen yon sèl jèm maladi sou tè a. O, gad on kote!

48 Gwo zwazo yo t ap vole de pye bwa an pye bwa, epi Adan te kab rele yo pa non yo, epi yo t ap vole sou zepòl li epi—epi ap chante pou li. E, Oh, gad on bèl kote Bondye te genyen!

49 Apre sa, li fè youn nan atribi Li yo apati de pwòp kò L. Bondye gen atribi Li yo nan kò L.

50 Menm jan an, ou se yon atribi papa w. Epi, ou remake, ou te nan granpapa granpapa granpapa w. Men, nan sa, dizon nou rann ni tankou ou menm ak papa ou. Koulye a, ou pa t 'konnen anyen lè w te nan papa w. Jèm lavi a soti nan gason an. Gason an gen selil san an; fanm nan gen ze a; Koulye a, se poutèt sa, selil san an gen lavi a nan li. Epi, lè sa a, lè w te nan papa w, ou anreyalite pat konn anyen de li. Men, poutan, syans ak Pawòl Bondye a pwouve ke w te nan papa w, men w pa t konnen anyen de sa.

51 Men lè sa a, papa a te anvi konnen w. Ak inyon koneksyon ak manman an, konsa, ou te fè konesans ak papa w. Koulye a, ou se atribi papa w. Ou sanble ak li, epi ou gen pati nan kò w ki sanble ak papa w.

52 Ebyen, se konsa Bondye te ye nan kòmansman an. Chak pitit gason Bondye ak tout pitit fi Bondye te nan Bondye nan kòmansman an. Ou pa sonje l kounye a, men w te la. Li te konn sa. Epi L te vle w fèt pou L te kab kontakte w, pale ak ou renmen w, epi baw lanmen.

53 Èske ou pa ta vle gen pwòp pitit gason w... Eske se pa yon gran jou lè ti gason w nan antre nan kay la epi chita bò tab la? Lè l sot nan chan batay la, oswa yon lòt bagay, chaje ak sikatris; ki jan w pral prepare manje a; Ou touye ti bèf ki angrese a, oswa nenpòt lòt bagay ankò, epi prepare pou li! Se pwòp kò w ak san w, e l te nan ou. Ou pa t 'konnen l lè sa a, men w konnen l te la.

54 E konsa Bondye te konnen ke n t ap la, men apre sa li te mete chè sou nou konsa nou te ka an kontak. Pou L te kab kontakte nou, li te vin youn nan nou lè L te vin Jezikri, Pitit Bondye a Li menm, plenitid manifestasyon Bondye a. Kidonk se te objektif Bondye, montre atribi L yo nan kominyon.

55 Lè m 'te nan papa m', mwen pa t 'konnen anyen de sa. Men, lè m te vin pitit gason l epi soti nan li, mwen te yon atribi, yon pati de papa m'. E w se yon pati de papa w.

56 Epi antanke pitit Bondye, nou se yon pati atribi Bondye ki te nan Li, ki te vin fè l chè tankou li te fèL chè, konsa nou ka gen kominyon youn ak lòt, tankou yon fanmi Bondye sou tè a. E se te objektif Bondye nan kòmansman an. Wi mesye. Se sa Bondye te vle nan kòmansman an.

57 Li te gen tout bagay sou kontwòl. Epi li te mete lòm nan jaden Edenn nan, ak libabit li; Li di, "Pitit mwen, se pou ou."

58 Ala yon bèl kote! Bondye te tèlman satisfè, opwen ke L te jis retounen e L te al repoze L de tout zèl li yo. Chak pye bwa pat janm fè pikan ak chadon. Okenn ti fwui pat janm soti nan yon pye pikan. Tout bagay te pafè. Tout semans yo te pafè. Tout bagay te nan kondisyon pafè.

59 Answit lè L te al pran yon ti repo, ènmi L lan glise kò l ak manti, epi l te pran kontròl, nan mal entèprete pwogram Li bay pitit li yo. Lè L met konfyans nan Pwòp pitit Li; menm jan w mete konfyans ou nan pitit fi w alòs ke li soti nan mitan lannwit ak yon gason; lè w met konfyans ou nan pitit gason w alòs ke li pati ak yon ti tafyatè oswa yon ti jennonm ki fimèn. Ou wè, Li met konfyans Li nan pitit gason L lan, ke l pa tap fè anyen ki mal, e l t ap kenbe tout Pawòl ke L te di. Men lènmi an glise kòl; tankou tèt siro len pomad sa a ki ta pran pitit fi w la e konpòte tèt li mal; oswa—oswa kèk fanm ta pran, epi soti ak pitit gason w, e menm bagay la. Ou wè, li te glise kòl antre. Ènmi Bondye a te glise kòl antre epi l te mal entèprete Pawòl la bay Èv.

60 Kounye a, li menm, akòz de chit sa a, li te pran kontwòl epi posede jaden Edenn nan li menm. Li te pran kontwòl li. Epi kounye a, li te gen sis mil ane nan dominasyon twonpri; ap twonpe pèp la, pitit Bondye yo, jan l te fè l la. Paske, yo te sou yon baz libabit, pou yo aji jan

yo te vle. Epi ap kwè ke yo t ap aji dwat, oswa yo te kwè yo t ap aji dwat, lè sa a yo te vini ak move zak la, epi yo te vann dwa denès yo, menm jan Ezayi te fè l la, pou mond lan. Epi Satan te genyen l, el te pran kontwòl li. Epi li te gen sis mil ane pou konstwi Edenn li a, menm jan Bondye te gen simil an pou L te fini nèt ak Edenn Li a. Epi pa twonpri, twonpri Pawòl la, oswa pèp la, kounye a te etabli pwòp Edenn li sou tè sa a, nan peche.

61 Edenn Bondye a te etabli nan jistis. Edenn Satan an etabli nan peche, paske Satan se peche. Bondye se jistis, e wayòm Bondye a te etabli nan jistis, ak lapè, ak lavi. Epi fondman Satan an se nan peche, e peche relijye.

62 Remake ki jan li te mantè, manti l la, jan l te di li ta fè l la. Li te pwomèt pou l fè sa. Èske gen moun ki te konn sa? Ann al nan Ezayi, si w vle kèk nan Ekriti sa yo. Si w... Mwen ta dwe site plis nan yo, m devine. Ann al nan Ezayi 14yèm chapit la, jis yon ti moman, epi jis wè sa Satan te di la a, jis yon ti moman. Nan Ezayi 14, nou pral li l, epi gade sa eleman sa a fè. Ezayi 14, kòmanse ak 12yèm vèsè a. Gad jan w te tonbe sot nan syèl la, O Lisifè, pitit gason maten an! Gad kijan w te tonbe plat atè, oumenm ki te febli nasyon yo! Paske w te di nan kè w, M pral monte nan syèl la, m pral elve fotèy mwen an pi wo pase zetwal yo (sa a se pitit gason), zetwal Bondye yo. Apre sa, m pral monte nan wotè anwo nwaj yo; e mwen pral tankou Sila ki pi wo syèl la.

63 Koulye a konpare sa isit la ak lòt Ekriti nou yo ki nan Tesalonisyen, toutalè a, kouman li te di: "Li chita nan tanp Bondye a, li elve tèt li pi wo pase tout sa yo rele Bondye, pou yo adore li menm jan yo adore Bondye menm jan ak Bondye sou latè."

64 Men bondye monn sa a ke m te preche nou sou li dimanch pase a. Men li jodi a nan lè manti, ak trèt sa a, tan ekstraòdinè sa a ke n ap viv la. Se tan ki pi gloriye nan tout laj yo, paske n ap fè fas ak gran Milenyòm nan ankò; nou ap fè fas a Edenn nan ankò. Men, nan laj sa a menm, tout manti ak tout taktik ke l te janm itilize epi te rive sedwi ak yo a, li te rasanble li tout ansanm epi ranfòse tèt li; apre Li desann tankou Bondye, el mete l nan plas Bondye. Relijye, epi l ka site Ekriti yo epi pale w de ekriti yo, jis menm jan Satan te fè Èv nan jaden Edenn nan. Men li ka retire yon sèl ti bagay nan li, se tout sa l dwe fè, fè fose sa a,

kote doktrin anpwazone dyab la ka devide atravè I, tankou Filtè nonm ki reflechi a ke n t ap pale avan yè swa a.

65 Kounye a li te di li t ap elve I anwo Trè Wo a; li t ap monte pi wo ke nwaj yo ak zetwal yo, epi I ta chita la tankou Bondye, epi li ta anwo Trèwo a. Apre sa, li te reyisi akonpli menas li yo. Li te sètènman gen yon siksè fòmidad pou I egzekite menas li yo, lè moun yo kite I eksplike, nan chak epòk, valè Pawòl Bondye te pwomèt la pou laj sa a. Se egzakteman jan sa a li te fè I. Nan chak laj, li te bay vèsyon pa li.

66 Nan tan Noye a, li te eksplike ke I te enposib pou lapli sot nan syèl la, paske, “pa gen lapli anwo a”. Gwo levanjil syantifik li a ke li te preche nan jaden Edenn nan! Li te kab dirije enstriman yo sou lalin lan epi pwouve ke pa gen imidite anwo a. Men Bondye te di ke lapli pral vini. Men, Satan te reyisi, e I te anpwazonnen lespri moun yo, gras a rechèch syantifik, ki montre ke “sa pa t kab fèt”. Men, li te fèt. Bondye te di sa t ap fèt, e I te fèt. Li fè I.

67 Bon nan epòk Jezi a, li te fè menm bagay la. Li te anpwazonnen lespri yo ankò ak twonpri, ou wè, mal entèprete Pawòl la. "Si w se Pitit Bondye a, kounye a kite m wè ou fè kichòy pou sa."

68 Jezi pa t fè komik pou li. Li pa janm fè I. Bondye pa yon komik. Li pa oblije reponn anyen ke Satan mande. Li te gen sèlman...Jezi te di, “Men li ekri ke, ‘Ou p ap viv...Lòm p ap viv ak pen sèlman, men ak tout Pawòl ki soti nan bouch Bondye.’” Ou wè Li pa t oblije fè komik, pou li. Li pat oblije fè pen. Li te kab fè I, men Li ta dwe koute dyab la, kidonk li pa t oblije koute dyab la.

69 Epi ankò se peche relijye, tankou nan kòmansman an, tèlman twonpè. Obsève I kounye a. Se pa jis senpman vye peche toulejou, fè adiltè ak bwè, epi sèvi ak Non Bondye pou granmesi. Se pa sa. Non.

70 Ou sonje plizyè lane de sa, anpil nan nou isit la, ansyen yo, raple nou mesaj mwen te preche, sou Desepsyon yo nan jijman an. Pwostitye a, li pa pral wont la a. Li konn ki kote I prale. Tafyatè a pa pral wont la a. Kontrebandye a, azaryen an, mantè a, vòlè a, li pa pral desi. Men, nonm sa a ki panse li jis, men desepsyon an.

71 Se kanmarad sa a, ki di, li vin di: "Senyè, èske m pa t preche Levanjil la, èske mwen pa chase move lespri, nan non w?"

72 Jezi te di: "Rale kò w...sou mwen, ou menm ki komèt inikite. M pa janm menm konnen w." Men desepsyon an, ou wè, twonpri sa a.

73 Se sa m ye toutan... se la a yo mal konprann mwen. Se pa ke m vle diferan. M pa vle diferan, men mwen dwe onèt. M gen yon Mesaj, e Sa dwe al jwenn pèp la. Pèmèt ke I byen konpwann pami pèp la. Yo panse m kont tout moun. Yo sèlman konnen, mwen pou tout moun, e mwen fè tout sa m kapab pou pote pou yo sa k Verite a, senpleman jan I te plase sou kè m ak fason li enskri nan Bib la la a. Epi Bondye pwouve ke se Verite a, kidonk pa gen anyen lòt ki ka fèt pou sa. Kidonk, se swa ke yo gade L, oswa yo pa fèl.

74 Ou wè, yo pa vle wè Li, paske yo te deja finn vann, yo te vann dwa denès yo bay kèk òganizasyon, kèk denominasyon; pou eseye dwa denès yo a, pou yo rive nan syèl la sou baz kèk relijyon òganize, ke Satan se tèt chak ti pati nan li. Bondye pa t janm gen yon relijyon òganize, li pa t janm genyen I. Apre sa, yo vann yo nan sa, kote yo se, yon pakèt moun, ki entèprete Pawòl la epi yo di Li vle di sesi e Li vle di sela.

75 Bondye pa bezwen okenn entèprèt. Li fè pwòp entèpretasyon pa li. Li pa bezwen pèsonn lòt pou di I kijan pou I fè. Li souverèn. Li te di ki jan L t ap fè I, e se konlsa li dwe kenbe Pawòl Li. Lè L te di: "Siy sa yo pral swiv moun ki kwè yo," Li te vle di jis sa. Kèlkeswa sa I te di k t ap rive, li te di sa t ap rive nan dènye jou sa yo, ke I ta fè kèk bagay, e L te fè I. Li pa dwe mande pèsonn si se lè a ou pa. Li konn lè a, e kisa plan an ye.

76 Kounye a, Satan, twonpè sa a, jan yo pale de li nan Matye 24:24, avèk anpil manti. Kounye a, nou jwenn ke atravè pwogram konesans levanjil li yo, pi bon edikasyon, pi wo etik, sivilizasyon, elatriye, te enchante moun ki vle sèvi Bondye, pou yo kwè nan manti I la.

77 Èv pa t vle fè sa, men li te montre I ki jan li te gen plis sajès nan sa. Ev pa t 'konnen; li te vle konnen. Li pa t 'konprann, men li te vle konprann. Epi Bondye di I pou I pa eseye konprann.

78 Ki jan m ka konprann anyen nan bagay sa yo? M pa ka konprann yo. M kwè yo. M pa bezwen konprann yo. Bondye se lafwa, e Li pa konpreyansyon. Nou jis kwè sa L di.

79 Bon, konpare Edenn Bondye a ak pa Satan an kounye a, apre sis mil ane ap pèvèti vrè entèpretasyon Pawòl Bondye te pwomèt la pou epòk la. Ann konpare I kounye a, epi wè ki kote n rive. Menm jan I te fè pou legliz la nan—nan tan Kris la, nan Jezi, ap eseye kenbe— anpeche pitit gason fidèl Bondye yo pou yo pa konn Verite a. Sa se Bondye. Bondye mete pitit gason I yo isit la, atribi I yo, pou yo kominye avè L nan tandè Pawòl li a.

80 E si papa w ta di w, ke w se yon pitit gason fidèl a papa w, epi I te di w, "Pitit mwen, pa antre nan dlo sa a deyò a, pou naje, paske gen aligatò nan dlo sa a"; epi yon kanmarad parèt, li di, "Se vre wi, si bèl dlo sa a, pa gen okenn aligatò ladann "? Koulye a ki moun ou pral koute? Si w se yon pitit gason otantik, ou pral koute papa ou.

81 Epi yon vrè pitit gason oswa yon pitit fi Bondye pran Pawòl Bondye a an premye. Sa pa deranjem sa lòt moun di sou sa, yo pran Pawòl Bondye a an premye. "Gen pwazon nan gode a," epi yo kwè l.

82 Lè w gen lafwa nan tout Pawòl Li a, Semans Li yo, te pote yon Edenn sen, lanmou ak Lavi Etènèl. Se sa Edenn Bondye a pwodui, sentete. Men li te pwodui yon Edenn sen, lanmou, konpreyansyon, pèfeksyon, ak Lavi Etènèl. Se sa Bondye ap plante, Pawòl li a, Semans li a. Se sa Legliz li a pral ye nan fen an; Se pral menm bagay la.

83 Remake, men yon panse. pa bliye l. M pral rive sou li yon lòt fwa oswa kèk lòt mesaj. Men, ou konnen, Bondye di, "Se pou chak semans pwodui selon espès yo." Eske sa a se kòmandman Bondye a? Kounye a ki byen sa ap fè a nenpòt predikatè a, oswa nenpòt ki dot, pou eseye fè Pawòl sa a di yon lòt bagay? Ou wè, chak Pawòl Bondye a se yon semans. Jezi di konsa, "Yon Semans ke yon semè te simen." Kidonk, si Mak 16 se Pawòl Bondye a, li pral pwodwi selon espès li. Si Malachi 4 se Pawòl Bondye a, li pral pwodwi selon espès li. E Tout lòt pwomès dwe pwodui selon espès yo.

84 Ou wè, gade Satan la a ki degize? L ap eseye di, "Se pa sa, se pa konsa." Ou konprann li? [Kongregasyon an di: "Amèn." — Ed.] Ou wè, Satan di: "O, sa a pa pou jodi a. Sa, sa—sa se...Sa te yon lòt lè. Sa, sa pa menm vle di sa."

85 "Chak semans dwe soti selon espès li." Se konsa Bondye te etabli Edenn li a. Eske se sa? [Kongregasyon an di, "Amèn." — Ed.] Epi men li, se konsa Bondye tabli Legliz li a, chak Pawòl dapre espès pa !! "Lòm p ap viv ak pen sèlman, men ak tout Pawòl ki soti nan bouch Bondye." Ou wè? Satan, li pral pran yon lòt bagay. Men, Bondye di, "Chak semans dapre espès li."

86 Si pwomès la te di: "Siy sa yo pral swiv moun ki kwè yo."

87 Kounye a, legliz la di, "Fè w manb legliz la. Resite credo a. aprann katechis la." Pa gen yon tèl bagay konsa nan tout Bib la.

88 Men, Jezi te di: "Siy sa yo pral swiv moun ki kwè yo: nan Non mwen yo pral chase move lespri yo; yo va pale na yon lòt lang; Si yo kenbe sèpan an, oswa si yo bwè bagay ki ka touye yo, sa p ap fè yo mal. si yo poze men yo sou malad yo, yo va geri." Eske yon nonm ka renye Sa? Ou wè?

89 "Chak semans ap pwodwi selon espès li." Si w se yon semans Bondye, yon atribi, yon pitit gason Bondye, alòs Pawòl Bondye a simen nan ou. Ou wè? Apre sa lè w tandè Pawòl Bondye a, "Mouton m yo tandè Vwa Mwen; yo pa pral swiv yon etranje." Ou sezi l? "Alòs chak semans ap pwodwi dapre pwòp espès pa yo."

90 Kounye a nou dekouvri ke, chak semans ap pwodwi selon espès li, pa t gen lanmò nan nouvo a...nan Edenn sa a. P'ap gen lanmò nan nouvo Edenn nan. Ou wè, pa t gen okenn lòt bagay ke sentete, purte, e Lavi Etènèl.

91 Kounye a akòz de enkwayans nan tout Pawòl Bondye a, li te pote semans enpote nan Edenn Satan an. Kounye a n ap antre nan kote Satan ap pran twòn nan, antanke antikrist, nan yon—yon Edenn sou tè sa a, yon Edenn peche, relijyon pervèti. Li pa t kòmanse sou baz, "Mwen se Satan. Mwen se zanj enpresyonan an." Non, pa sou baz sa a, men sou baz pou l pèvèti Pawòl Bondye a. Epi se konsa li te vinn a wayòm li an, nan chak aj. Epi kounye a, nan gran aj twonpri sa a, pare pou l pran twòn li, ak pèp li a! Li te bati limenm yon Eden entelektyèl, edike, syantifik; dwat, predikatè syantifik, legliz syantifik, teyoloji syantifik, tout bagay syantifik. Tout bagay se sou baz konesans. Tout legliz la bati sou konesans. Li pa bati sou lafwa.

92 Yon fwa mwen te al f on reyinyon nan legliz yon lòt nonm. Se t on gran oditoryòm nan lwès la. Yon nonm byen elve, epi, li te nye bagay sa yo ken t ap pale a. Men, kanmenm, li te ... Mwen te renmen l'; yon nonm janti, yon nonm aje. Lè asanblel la te lage ... Li te kenbe si mil moun. Lè asanble l la te lage, nan sèvis apremidi a, anviwon kenz san nan yo, yo tout te byen abiye- entèlektyèl. M te chita la a ap obsève yo.

93 Li te preche yon trè bon mesaj, mesye a te fè l. Apre sa, li te mande si yon moun vle aksepte Kris; jis leve men yo. E pesonn pa t leve men yo. Epi finalman yon fanm leve men l. Li te di: "Oke, kounye a ou se yon kretyen," epi li prepare l pou batèm nan. Apre sa, lè l soti... Li dedikase yon ti bebe, li bo ti bebe a epi li lapriyè sou li, epi li ranvwaye asanble a.

94 Lè asanble l la te soti; yon bann moun byen elve, eskolarize, edike. Lè sa a, mwen te mete m sou kote, pou bay nonm nan lan men epi swete l bòn chans, lè ke l t ap soti.

95 Epi lè m te fè sa, men foul moun mwen yo te rive. Yo pa t kab kite yo antre pandan ke foul moun li yo te la. Men pa m yo rive, nan chèz woulant, branka, kamizòl fòs, fou, ak tout lòt bagay. Ou wè diferans lan? Se sa. Se bagay sa a m ap pale a, wè. Ou wè, se yon bagay diferan.

96 Lè ke, ou kapab pa konesans syantifik rann yon levanjil *konpreyansib*, ke, pou ou se, "sila ki kwè nan Jezi Kris pap kondane," wè.

97 Men ke, "Siy sa yo va swiv sa yo ki kwè," wè, li echwe mete Sa ladan l, wè. Li kwè nan Jezi Kris, li sove, si siy sa yo swiv kwayan an.

98 "E sila ki tande Pawòl Mwen," pa jis fabrike, pa jis tande l ak zòrèy ou, men, "konprann li." Nenpòt ki moun kab tande L; yon prostitiye kab tande L epi rete yon prostitiye; wè, yon tafwatè kab tande L, yon mantè kab tande L epi rete yon mantè. Men, "Moun ki konprann Pawòl Mwen, epi kwè nan Sila ki te voye M, gen Lavi etènèl." Se sa li ye, wè.

99 E okenn moun paka fè sa eksepte si Bondye predestine l. Jezi te di, "Okenn moun paka vin jwenn Mwen, eksepte si Papa M atire l, e tout sa ke Papa a te ban M yo va vin jwen mwen." Amèn. Tou sa se souverènte ak presyans Bondye. Li viv pou kont Li e pa gen pèsonn ki ka di L sa pou L fè.

100 Kounye a, poutèt enkredilite, nan refize pran tout Pawòl Bondye a, sa te mennen yon semans enkredilite, enpi, peche, rayisman, epi lanmò Etènèl nan laj legliz entèlektyèl, pechè sa. Kounye a w konprann li? Nan jou sa, kote ke lemond antye relijye! Ou te konn sa? Lemond antye relijye. E nan laj relijye sa, gwo legliz nan chak kwen; tout bagay, bagay la antye abouti nan adorasyon satan. Se sa li ye, dirèk nan Bib la. Se vre. E nan semènè teyoloji, entèlektyèl

sa ki pwodwi yon moun entèlkyèl ki resevwa antrènman sou fason pou l pale , sa pou l fè, kijan pou fè emosyon l yo, epi tout bagay tankou sikoliji, twa epi kat lane, pou konn kijan pou trete ak lespri yon nonm. Wè, se...

101 Lespri Bondye se pa yon bagay ke, ou, al aprann konnen. Se yon bagay ki predestine nan ou, pa men Bondye Toupwisan. Yo paka enstwi oswa mete ekseperyans ou yo anndan w. Sa predestine, pa men Bondye ak presyans Bondye, anndan w. Se sa.

102 Kounye a, li pwodwi gran Edenn sa ke y ap viv ladann lan, yon legliz Edenn mond lan. Yo tout reyini ansanm kounye a nan gran Konsèy Ekimenik la, e yo pral gen legliz mond lan vini tout ansanm anba yon chèf, kote Satan pral trone, trè egzakteman.

103 Epi dènye apèl la ap lanse, pou atrap Epouz la anvan ke L rantre nan sa. Paske yon fwa w ladan l, li resevwa mak bèt la, epi kondane, li pa p janm soti ladan l. Se pou rezon sa, li di, "Soti nan mitan yo, Pèp Mwen," anvan sa antre nan li, wè. "Soti nan mitan yo, e separe tèt ou."

104 Kounye a, rayisman ak lanmò, ak separasyon Etènèl de Bondye, nan Edenn sa; anvi, salte, pèvèsyon (kouman?) ap seme move semans lan.

105 Li raple m vizyon mwen te wè anvan m te rankontre moun pannkotis yo, de Nonm sa ki t ap fè tou mond lan, an blan. Ou konn tandè m ap rakonte sa plizyè fwa. Epi yon lòt vini dèyè L, ap seme semans diskòd.

106 Men li te byen genyen l, nan Èv...nan jaden Edenn lan, poutèt konvwatiz Èv pou peche; konvwatiz Èv la, pou peche. Alò, si Èv te te konvwate konesans, se te peche.

107 E lè nou konvwate konesans , nou vle yon doktora an filozofi, yon Diplòm Lisans an Literati, se yon peche pou fè sa. Sa se yon deklarasyon fò, men se Laverite. Pe enpòt jan sa fò, se toujou Laverite, wè. Pou konvwate konesans, konpreyansyon!

108 Pwoblèm lan, sè ke, jodi a nou pap eseye etabli Pawòl Bondye a nan kè moun yo. N ap eseye etabli tèt nou. Legliz yo ap eseye etabli doktrin legliz la, nan kè yon moun.

109 Yo te òdone nou pou etabli Pawòl Bondye a. Pòl te di, "Mwen pa t vin kote w avèk pawòl sedwizan lòm, pou ke fwa w ka repoze sou konesans lòm; men mwen te vin kote w nan pwisans, nan manifestasyon Sentespri a, pou ke fwa w ka repoze nan Bondye."

110 Lòm pa dwe etabli tèt li. Nou jwenn sa pami...kite Bondye fè yon bagay pou yon moun pou voye l, ou dekouvri ke tout moun ap eseye imite sa. Wè, y ap eseye etabli tèt yo. Chak moun se, "Mwen te fè sa. Mwen, mwen, pa m, denominasyon m, mwen, sesi," ap etabli tèt yo. Sou kisa n ap preche, sou tèt nou oubyen sou Wayòm Bondye a?

111 Etabli Pawòl Bondye a. Retire enkredilite epi etabli Wayòm Bondye a nan kè lòm. E Wayòm Bondye a paka etabli nan kè yon nonm sòf si Bondye te kreye nonm sa konsa. Li paka etabli nan yon...

112 E, sonje, pati sedwizan an, se ke moun yo panse ke se kòrèk. Wè. "Gen yon chemen ki sanble kòrèk pou yon nonm." Chak kreyati entèlkyèl sanble gen rezon.

113 Jan m te di w la kèk dimanch pase; lè m te kanpe bò kote ti bebe m nan ki t ap mouri, e Satan te kanpe la pou di, “Men papa w, ki te mouri nan bra w lòt nwit pase a. Men madanm m ou kouche laba nan yon-nan mòg la, e isit la men ti bebe w la ki prale. E ou mande L pou reponn ou, e li te rale... Li te rale rido desann sou ou. Bon, e poutan Li se yon Bondye ki bon, e poutan ou te di L se yon Gerisè. E ou menm, ki kanpe pou sa ou di ki kòrèk, ou tronpe w.” O, chak rezonman, chak fakilte mantal te dwe dakò ke se te vre; e li te gen rezon, jouk la.

114 Menm jan li te kòrèk lè l te di Èv, “Jye w va louvri, e ou va konnen byen ak mal. E ou va vin tankou dye yo, konsa, ap konnen byen ak mal,” paske Bondye pa t ko kite yo wè tèt yo ankò, ke yo te toutouni. Kidonk yo te dekouvri yo ta pral konnen byen ak mal; e li te gen rezon. Men, ou wè, se te kontrè a Pawòl Bondye a.

115 Se konsa ak minis yo nan seminè, ap aprann teyoloji-fabrike pa lòm; li parèt kòrèk, li ka bay yon bon konpreyansyon de bagay la, men se fo.

116 Nou pa oblije konprann Li. Nou kwè L paske Bondye te di sa, e sa regle l pou tout tan. Bagay la an antye, sa se fason pou kwè L.

117 O, ala anvi Èv te anvi yon doktora, wè, ala li te dezire vin pi entèlijan ke jan l te ye a!

118 Remake kijan sa te parèy, nonm lan ak madanm li... Kounye a remake, nonm lan ak madanm li, toulède toutouni nan jaden Edenn lan, Edenn Bondye a.

119 kounye a m pral fini. M te di m pral kontinye jis kèk minit. Gade, obsève kounye a, pandan ke n ap fini.

120 Konpare sa kounye a, jan nonm sa ak madanm li te sanble, toulède nan Eden Bondye a, san ke yo pa t genyen menm yon ti moso rad sou yo, e yo pa t konn sa. Poukisa yo pa t konn sa? Paske yo te vwale de sans nidite yo, pa Vwal Sen an, Sentespri a. Yo te ka gade drèt youn lòt, e yo pa t konnen ke yo te toutouni. Yo te vwale ak Sentespri a, ak sentete. Yo te vwale.

121 Vwal Bondye a, ankò jodi a, ka gade epi pa gen anvi. Yo vire tèt yo. Se yon Vwal Sen, wè, Vwal Sen. Bondye te gen kontwòl je yo...yo te toulède, youn te yon gason e lòt la te yon fanm, e yo pa t konn si yo te toutouni, paske sentete Bondye a te gade je yo vwale. Remake, Bondye kache konsyans yo de peche, ak Vwal Sen an.

122 M swete nou te gen gen tan pou etale sou sa, kèk minit. Gade byen, “Paske limenm, adoratè a, yon fwa l pirifye,” Ebre, “adoratè a yon fwa l pirifye, pa gen okenn konsyans de peche ankò.” Peche disparèt kite l.

123 Mwen te tande Frè Neville di, maten an, yon moun te dwe mande l poukisa m pa t preche sou Sentespri a, poukisa mwen pa t fè *sesi*. Men ni. Sentespri a se aksyon ki nan ou a. Se yon Vi, pa yon emosyon; pa kèk sòt evidans lachè. Men Se yon Pèsòn, Jezi Kris, Pawòl Bondye a etabli nan kè w, pou vivifye chak Pawòl aj sa. Byen. Gade sentespri a an aksyon, pa si tèlman nan manifestasyon yo; men, an aksyon, sa L fè dapre Pawòl la.

124 Obsève kounye a Sentespri a, apatu de Pawòl Sen Bondye a, te gen yon gason ak yon fanm toutouni, e yo pa t konn sa. Ala Bèl, Lavi Pawòl la; Semans lan, Pawòl la!

125 Bondye te di, “Gen yon pyebwa nan mitan jaden an, se fanm lan. E nan mitan jaden an ou te jwenn pyebwa sa; pa menm touche l. Paske, jou w va manje ladann, jou sa ou va mouri.” Sentete te vwale yo de li, yo pa t konn anyen de li, pa oze touche l.

126 Sentete te vwale yo. Yo te an sekirite nan paviyon Bondye. Yo te vivan. Yo pa t gen lanmò alantou yo. Alelouya! Yo te gen lanmou pafè youn pou lòt, Lavi pafèt pou tout tan. Yo te gen lanmou pafè, konpreyansyon pafèt lanmou Bondye. Yo te gen Pawòl Bondye, epi yo te kenbe l. E yo te vivan e an sekirite nan Edenn Bondye a, ak okenn lanmò, ditou, nan viwonn lan.

127 Answit, satan fè Èv koute levanjil teyoloji l la, levanjil konesans la, ansèyman siperyè, etik siperyè, meyè sivilizasyon, edikasyon siperyè, elatriye; apre lè l fè ...l kanpe pou tandè l yon minit, rezonman li yo (ke yo òdone nou pou chase), lè li te fè l koute l.

128 “Kounye a, gade isit la, legliz la *sesi-ak-sela*. Li te etabli depi si lontan. Nou se youn nan pi ansyen legliz nan peyi a. Majistra vil la al la.” Mwen pa fè ka de sa l ye, wè. Si l kont Pawòl Bondye a, ou dwe kont li. Se lenmi w. Tout sa ki kont Pawòl la se lenmi w.

129 Tout sa ki pou Pawòl la se frè w. Li se yon pati de ou.

130 Obsève, li te retire Vwal sen an, pou wè kisa sèks te ye vrèman; fè konparezon, kisa anvi t ap fè vrèman. Li te retire Vwal la sou je l, bagay sen Bondye te mete sou je l la. Li te anvi konesans, pou konnen kisa l te ye; alò li te retire Vwal la pou wè kisa l te gen ladan l. Li te koute dyab la, e remake kote sa te mete l.

131 Yo te fè menm bagay la nan chak aj ki vin aprè yo, toujou pran kote entèlektyèl la; e kounye a te bati yon wayòm pou Satan, konesans, semans li an ke l te plante, e l te pran mond lan pou fè l yon Edenn lanmò.

132 Kounye a remake. Kounye a gade nan Apokalips 3, Aj Legliz Lawodise a. Panse ak sa nan lespri w.

133 Kounye a remake. Li menm, Èv, se rèn satan. Wè, Satan, sèpan an, te pran Èv anvan Adan t al jwenn li. Wè? Se vre. Kifè li sedwi l, wè, kidonk Satan, sèpan an, te mari Èv anvan ke Adam te janm konnen l. Wè, li sedwi l. Bib la di li te fè l, e li te konnen ke l te toutouni, aprè. Wè?

134 kounye a gade Aj Legliz Lawodise a--a. Li menm, Èv, chita antan ke rèn Satan. “Li rich ak byen mond lan; avèg, toutouni ankò, e l pa konn sa,” menm jan l te ye nan Edenn Bondye a. Men kounye a, pa paske Vwal Sen an sou figi l, men vwal konvwatiz la. Paske, li te retire Vwal Sen Bondye a sou figi l, e li te mete yon vwal konesans, pou konvwate. E kounye a li gen yon vwal konvwatiz, ki rann li “avèg” a sa poutèt se peche. Li “toutouni” nan lari a, “e l pa konn sa.” Li se yon pwostitiye nan lari a. Fanm yo ak ti bout chòt sa yo, nan je Bondye, se prostitiye, “ e yo pa konn sa.”

135 Remake, pran medam nou yo. Kounye a, si w vle wè nan ki kondisyon legliz la ye, obsève kijan medam yo ap aj. Li toujou reprezante legliz. Nan Edenn Satan, kote peche ak enkredilite ye, yon pèvèsyon relijyez, on wayòm pèvèti. Olye pou pran Pawòl Bondye, yo te pran aprantisaj entèlektyèl lòm. E olye pou yo pran Legliz, yo pran òganizasyon, e yo ap mennen l a yon gwo tèt.

136 Kounye a remake, pèvèti depi nan inosans. Pa manke sa kounye a. Legliz te avèk vwal konvwatiz sa sou li. Remake kisa sa te fè l. Li-li pèvèti l depi inosans al nan konesans. Wè? Vwal Sen an, li te inosan; avèk vwal konvwatiz sa, li vin konesans. Li konnen sa agreyab. Li konnen kisa sa fè, wè. Se yon fwi, yon pyebwa ki kreye dezi, ki rann ou saj. Wè? Li te pèvèti de inosans a konesans, de sentete a salte konvwatiz, e de Lavi a lanmò.

137 Wayòm sa dwe mouri. Wayòm sa va mouri! Bondye nan Syèl la pral detwi l soti sou fas tè a.

138 Remake, nan pèvèsyon sa, li pase de yon gason a yon fanm, e de yon fanm a yon gason, “epi w pa konn sa.” Yon trè bon prodwi de Edenn Satan an, si w ap obsève lari jodi a, moun modèn nou yo.

139 Remake, se Èv ke Satan te itilize pou fè Adan peche pa pouvwa konvwatiz li a. Kounye a menm bagay la, l ap fè menm bagay la jodi a. Remake, cheve koupe, figi makiye, abiye seksyèl, wè, li fè sa, e li pa konn si chak bagay sa yo kontrè a Pawòl Bondye a. Koupe cheve l, fè de li yon fi dezonorab, yon pwostitiye. Pote ti chòt, mete l an disgras. Mete rad seksyèl sou li, fè de li yon pwostitiye. “E li pa konn sa,” pa akòz de sentete Bondye; akòz de konvwatiz Satan. Li lakòz ke...Li provoke konvwatiz admiratè li a.

140 Li retire rad ke bondye te mete sou li yo, laba nan Edenn, pou sejou l atravè de--dezè sa. Li retire yo. Li dezabiye tèt li. Lè, Bondye te vlope l komplètman ak po; li kòmanse retire yon ti bagay a chak fwa, kounye a li tounen kote li te kòmanse a.

141 Kounye a li fè admiratè l ap pote souvètman l li yo. Yon gason ki pote vye ti bout kanson efemine sa yo, e soti deyò a, m pa panse gen anpil gason nan li. Li se pi gwo efemine m konnen. Wè? Wè, li te mennen Adan pèvèti l la aji tankou l, wè, ap pote souvètman pa l. Li wè sa l kab fè lè l retire tout rad li yo eksepte souvètman l yo. Sa se bout pantalon yo. Natirèlman, se souvètman fanm e men Adan pa l la k ap pote yo kounye a. Ki, dapre Pawòl orijinal Bondye a, “Se yon abominasyon pou yon fanm pou pote yon abi ki fèt pou gason, e yon gason pou pote yon abi ki fèt pou yon fanm,” sa vin de Pawòl orijinèl la. Panse a sa!

142 Kounye a, li pote kounye a tichichi manzè a tou. Li penyen cheve l desann, mete roulo ladan yo. Kèk pami vizaj ki pi malad ke m te wè nan vi m, se kèk nan timoun sa yo deyò a jodi a ak ti chichi penyen desan konsa, epi kolore, cheve dekolore, avèk kèk sòt de peroxid kèlkonk, epi dekolore cheve yo, e boukle l ak roulo, pou fè tichichi. Ou se yon gwo efemine! Se yon bagay tèrib pou di depi sou chè a, men jijman kòmanse nan kay Bondye. Ou pa menm konn si w se yon fanm oubyen yon gason. E m aprann ke Lame Ameriken nou an pral pote chòt pwòchènman. Se vre. Ou wè sa pèvèsyon an ye? Se rad fanm yo; pote tichichi manzè yo.

143 Lòt jou m te sou, Howard Johnson; se pa sa ki isit la, men youn ki sou wout la lè w prale. E m jis rete chita nan sezisman. Yon ti gason t ap vini, bouch li louvri. E li te gen cheve nwa *isit* la, e li penyen l *anlè konsa*; e li mete roulo ladan l, e li penyen l arebò, anlè je l; vire konsa anlè je l, kontinye desann. Si m te janm wè yon pèvèsyon! Wè, li pa t ap kwè l. Li te ka pwouve petèt ke l se yon mal, men nan lespri l li se yon femèl. Li pa konn nan ki pati nan kay la li ye. Se vre. Ala pèvèti!

144 Se sa Satan fè. Li pèvèti nasyon yo. Li pèvèti legliz la. Li pèvèti moun yo. Li se yon sediktè, yon pèvètisè de Verite orijinal sa.

145 Bondye kreye yon gason on gason. Li fè fanm lan yon fanm. E li abiye yo diferan, e Li vle pou yo rete nan fason sa e pou aji nan fason sa; youn se feminen, e lòt la se maskilen. Li separe Adan nan jadenn lan, e li fè sa, separe Èv de li menm.

146 Kounye a misye pote tichichi manzè a; manzè koupe cheve l tankou pa misye yo, e misye eseye pote pa l yo tankou pa manzè yo. Wè? Manzè pote rad eksteryè misye yo, e misye pote rad enteryè manzè yo. Kounye a, sa sonnen tankou yon sakrilèj, men mwen pa di l nan sans sa. Se absoliman Laverite Levanjil. Si w pa konn sa, alò gen yon bagay ki pa kòrèk avèk ou; oubyen w avèg oubyen w pa t janm soti nan lari yo. E manzè ak misye panse ke se kòrèk, y ap mache ale nan yon direksyon.

Fanm yo di, “ebyen, li tèlman fè cho!”

147 Ti tonton Endyen Apach anba a t ap fè w wont de tèt ou. Plis li fè cho, plis yo mete rad, pou gade solèy la lwen de yo; o, sa fè l transpire, pou ke w kapab gen tankou yon è kondisyone pandan y ap mache. Wè? Yo kanpe dirèk nan solèy la.

148 Ou pa t ap ka sipòte anyen. Ou t ap fè zanpoul epi boule. Men, ou wè, se sa ke w rele edikasyon siperyè. Syans modèn lan pwodwi sa. Olala! Men manzè, “toutouni,” nan Lawodise, “e li pa konn sa.”

149 Li te toutouni nan Edenn. Ou wè de Wayòm yo sanble? Youn se peche ak lanmò, lòt la se Lavi ak ladwati. Laba li te vwale ak Vwal Sen an. Yo toulède te toutouni, yo pa t konn sa. Yo pa t konsyan de sa, paske yo te vwale ak Lespri Bondye.

150 E isit la yo vwale ak konvwatiz, e yo gade youn ak lòt pou...Wè, Adam te ka gade Èv, e li pa t konn si l te toutouni. Men kounye a ak vwal konvwatiz sa, li pa reyalize ke l toutouni, men li fè l anba vwal konvwatiz sa pou fè gason gade l. Se pou sèl rezon sa li ka fè l. Ou pa kwè sa, men ou fè l kan menm, e gason gade. E li dekouvri ke w gen anpil atraksyon, nan yon pwèn ke l vini alantou pou mete kèk nan rad ou yo sou li menm.

151 O, gade yon pèvèsyon! Gade yon aj! Gade yon tan nou ap...Konbyen sa sedwizan! O, tout bagay sa yo, “epi li pa konn sa,” yon pafè espri pèvèti nan gason an. Li vwale de vwal konvwatiz Satan an, e fanm lan tou. Se yon espri satanik grann sosyete. Wè, yo pa konnen, men yo se yon òganizasyon. Fanm yo ak ti chòt sou yo, yo fè pati de yon òganizasyon. Gason ki abiye konsa, fè pati yon denominasyon. M pral ba w abrevyasyon l, S.G.S, Sosyete Gran Sè, alò se de sa ke yo fè pati. Soti laba a, yon gran sosyete efemine, avèk ti bout pantalon sou li, gwo vye aparans kòryas, bagay aparans sal. M-M...

152 Bon, kounye a ou ka pa dakò avè m sou sa, men se Laverite. Ou vin pèvèti e ou pa konn sa. Ou pa, pa aji tankou yon gason ankò. Wè, ou vin tèlman efemine; e, pitit gason yo, pral vin pa anyen pou yo; gason, ak fanm yo, tou. Yo se yon sosyete. Li se yon òganizasyon. Poukisa? “Jan, ki ret nan pòt a kote a, pote bout pantalon, kifè poukisa m pakab tou? Luella te vle m pote yo paske Jan pote yo, ki rete nan pòt a kote a. Ebyen, si--si Susie Jane ka pote yo, donk Martha Jane ka pote yo, oswa Susie Lou,” oubyen kèlkeswa non manzè a, wè. Wè, se yon sosyete. Se yon òganizasyon. Ou fè pati espiritèlman de li menm, e ou pa konn sa.

153 E si se konsa, epi nou wè se konsa, kifè nou avèg. Nou avèg devan denominasyon sa yo ke Satan detounen nou pou fè nou antre ladan yo. Epi se pervèsyon Pawòl orijinèl Bondye a, ak Wayòm Li an, ak plan Li pou pitit Li yo. Satan detounen gason ak fanm yo pou fè yo antre nan bagay sa yo, epi yo pa konnen sa. Yon pèvèti!

154 Li pa yon pitit Bondye ankò! Yon branch cheve pandye sou figi l, ak yon pè bout pantalon sou li, antan l ap desann nan lari a; yon pitit gason Bondye, dyak nan yon legliz, yon pastè dèyè lachè? Non, se pa yon pitit gason Bondye. Li pa janm pase nan Filtè panse Bondye. Li pa t ap mete jan de rad pou fanm sa yo sou li; se sèten li pa t ap fè l; ni li pa t ap mete rad ki pou gason an sou li. Ou wè, se pa yon pitit gason Bondye. Li se yon pitit gason Satan, ak yon pitit fi Satan. Se yon bagay difisil pou di!

155 Satan reyisi pèvèti epi domine mond sa, epi li fè l tounen wayòm li; yo te mete nonm sa, sou baz lib abit, pou yo chwazi pou tèt yo ki kalite lavi yo te dezire. E sa montre sa ki nan kè w. Ou wè? Vwa ou... Ou konnen ki sa? Aksyon ou yo pale sitèlman fò, ke li toufe vwa ou. En-en!

156 Kite m al kay yon nonm. Epi li di: "O, mwen... Nou tout se Kreyen. Nou se manm legliz." Epi foto fanm k ap danse antan y ap dezabiye yo pandye nan tout biwo li a? Eh! Li pa t ap fè okenn diferans sa li te di m lan, mwen t ap konnen mye; oumenm tou.

157 Kite yon fanm di li se yon Kreyèn, ak cheve kout? En-en! Ou konnen pi byen pase sa, ou wè. Wi mesye. Kite l di li se yon Kreyèn, li mete penti ak makijaj, ak bout pantalon, epi li di li se yon Kreyèn? Ou konnen pi byen pase sa. Pawòl Bondye a anseye w pi byen pase sa. Pawòl la di li pa ka fè sa epi pou l demere yon Kreyèn. Li menm dezonorab, ak tout bagay. Ki jan Bondye pral mete yon bagay ki dezonorab nan Wayòm li an? Non, mesye, pa ditou. Non, mesye. Yo menm, yo montre dezi yo.

158 Ou pa ka fè yon kolonm manje ak yon votou, pa ditou. Yon kolonm pa gen okenn fyèl. Li pa ka manje vye chawony sa a. Si li te pran yon moso ladann, li t ap touye l, epi li konnen sa. Men yon votou ka manje pifò nenpòt bagay li vle. Ou wè? Li gen anpil fyèl.

159 Kidonk nou wè, se konsa sa ye ak monn lan jodi a, menm bagay, "Yo toutouni, yo avèg, e yo pa konn sa."

160 Satan te fè sa gras a lanvi fanm nan pou konnen, pou fè sèks, li te chwazi poukont li. Kounye a remake, se Èv ki te mennen Adan nan sa ki mal, e se fi a ki te wete rad li anvan Adan te wete pa l. Ou wè? Se fanm lan, toujou. Li te toujou konsa. Li toujou menm jan an.

161 Se legliz la ki fè nonm lan kite bon chimen an. Se legliz la, ou wè, ki detounen nonm lan ki vle vin yon pitit gason Bondye. Se fanm lan, legliz la. Se pa Bib la, Bondye, paske Bib la se yon nonm. O, wi, "Pawòl la te fè chè," e Li te yon Nonm. Ou wè? Bib la se yon nonm; legliz la se yon fanm. Ou wè? Se pa legliz la... Bib la ki fè nonm lan kite bon chimen an. Se Legliz la ki fè l kite bon chimen an. Se akòz legliz la kifè li te wè l toutouni, pa akòz Bib la. Ou wè? Non, tout bon. Bib la di l li toutouni. Wi, mesye.

162 Koulye a, remake ki jan, pa sèks, dezi fè sèks, li te anvi gen konesans, pou konnen kisa sa te ye, e ki jan, si fwi sa te bon oswa li pat bon. Epi li te fè l.

163 Bondye pral mennen l tounen yon jou, pa yon Nonm. Li te soumèt tèt li pa yon fanm. Men, li te rachte pa yon Nonm; Nonm lan, Jezikri, ki se Pawòl la.

164 Epi kisa sa ye? Remake, antan n ap fini. Isit la sa pa gen lontan, mwen te fè deklarasyon sa a. Mwen te gen anviwon kat oswa senk paj ankò ladann, men mwen...nan Ekriti yo ak bagay mwen te vle fè referans yo. Men, koute. Ann fini, antan n ap di sa.

165 Sonje byen, isit la sa pa gen lontan, mwen t ap anseye nou sou Sèt Twonpèt yo, *Fèt Twonpèt yo*, elatriye. E mwen te di: "Gen yon fèt wityèm jou a." Kifè, setyèm jou a ta dwe dènye a, ki t ap Milenyòm lan. Men gen yon fèt wityèm jou a; ki se, si li te wityèm lan, epi gen sèlman sèt jou, sa t ap fè li premye jou a ankò, nou t ap tounen imedyatman nan premye jou a. Alò, apre Milenyòm lan fini, lè sa a pral gen yon Eden ki etabli ankò. Gwo Wayòm Bondye a pral retabli. Paske, Jezi te goumen pou li kont Satan, nan jaden Jetsemane a, epi Li te reprann Edenn lan; ke, Li t ale prepare nan Syèl la, pou l retounen ankò, anwo nan Syèl la. Li di: "Pa kite kè nou boulvèse."

166 Lè Li te isit sou tè a, Li te di: "Nou, nou menm jwif, nou kwè nan Bondye. Kounye a, Mwen konnen Mwen gen yon move non," Li di. "Epi yo di Mwen se *sesi*, se *lòt bò*. Men, nou kwè nan Bondye; e menm jan nou kwè nan Bondye, kwè nan Mwen tou." Li te Bondye, manifeste. Ou wè? "Kwè tou nan..."

167 "Nan kay Papa M gen anpil..." Oswa, "Nan ekonomi Papa M, nan plan Papa M gen anpil palè. Mwen pral prepare yon plas." Gade konbyen li mezire : mil senk san mil kare! Ou va di, ki kote li ye? Li t ale prepare li. Li se Kreyatè. Li kreye tout lò sa a. Lari yo transparan. Li se Kreyatè. L ap fè yon plas. Nan Apokalips 21, li di: "Epi mwen menm, Jan, mwen te wè Vil sent lan, Nouvo Jerizalèm lan, ki t ap desann sot nan Syèl kote Bondye."

168 "Pa t gen lanmè ankò; premye syèl la ak premye tè a te disparèt." Ki sa ki te premye syèl nou an? Se te Milenyòm lan. Ki sa ki te premye tè a? Se te sa a. Li pral renove. Menm jan Noe te batize l, nan epòk predikasyon l lan; Kris te sanktifye l, pandan Li te vèse san l sou li; epi yo renove l, yo retire tout mikwòb yo ak tout bagay ki sou li, nan renovasyon k ap fèt alafen an, ak yon batèm Dife ki pral touye tout mikwòb, tout maladi, tout afliksyon, tout salte ki te janm egziste sou tè a.

169 Li pral vòltije soti, epi pral gen yon Nouvo Latè. "Epi mwen te wè yon Nouvo Syèl ak yon Nouvo Latè. Premye syèl la, premye tè sa a, te pase; epi pa t gen lanmè ankò. Epi mwen menm, Jan, mwen te wè Vil sent lan, Nouvo Jerizalèm lan, ki t ap desann sot nan Syèl la bò kote Bondye." La Bondye pral ak vrè atribi Li yo, pitit gason ak pitit fi Li yo, kote Li ka kominye avèk yo nan sentete, ak je yo ki avègle devan tout peche. P ap janm gen peche ankò apati de lè sa.

170 Ann fè gwo efò; piga ou kite w sedwi nan jou sa, men, "fè efò pou w antre nan pòtay la".

171 "Paske tout sa ki pral rete deyò yo se pral moun ki enpidik yo, moun k ap konvwate yo." "Nenpòt moun ki gade yon fanm pou konvwate l, li deja komèet adiltè avè l." Tout sa yo ki...rete deyò se pral fanm ki gen move renome yo, gason ki gen move renome yo, elatriye.

172 Epi se sèlman moun ki rachte yo, e ki nan Liv Lavi Ayo a, ki pral antre nan pòtay la. Kidonk fè efò, zanmi; pa kite w sedwi nan dènye jou sa a.

173 Sa a se yon gran epòk. Tout moun gen lajan. Tout moun ka fè sesí, epi tout moun ka fè se/la, epi lajan ap koule toupato, ak gwo machin, ak tout bagay. P ap gen youn nan yo nan Vil sa a. P ap gen yon sèl machin, yon sèl avyon. Non. Se pral totalman yon sivilizasyon diferan. Se pral ankò yon sivilizasyon ki pa fèt ak konesans, ak lasyans, men ak inosans, ak lafwa nan Bondye vivan an.

174 Ann fè efò pou n antre nan Sa. Paske se tout objektif mwen, se pou m antre nan Vil sa yon jou; epi m ap jis gade dèyè, ki moun k ap vin avèk mwen, m ap wè nou chak k ap mache opa, alòske n ap chante: "lè sen yo pral travèse." Mwen vle fè pati nan nonb sa lè sen yo pral travèse.

Ann lapriyè.

175 Chè Papa nou ki nan Syèl la, pandan jou yo ap fini, epi nou wè l ap pwoche, pwomès la ap pwoche. Nou priye, Chè Bondye, pou W mete sa nan kè nou, pou nou pa fè okenn erè. Chè Bondye, kenbe konsyans nou pi. Mete yon vwal sou kè nou, Seyè, mete yon vwal sou je nou pou nou pa wè bagay ki nan mond lan, ak bagay ki pa vo anyen nan mond lan, glwa inital pou vin yon gwo zouzoun.

176 Kèlkeswa jan yo gran, tout wa yo, monak yo, potanta yo, ak tout lòt bagay gen pou peri, e yo p ap resisite nan dez-...nan premye rezirèksyon an. Paske, men sa ki ekri: "Benediksyon ak sentete pou moun ki patisipe nan premye rezirèksyon an, dezyèm lanmò a pa gen pouvwa sou li." O Bondye! "Dezyèm lanmò a," lanmò espirityèl la, "pa gen pouvwa"; li te rachte!

177 O Bondye, alòske n ap panse ke youn nan lè sa yo, youn pral vizite lòt la, epi yo pral anlve l. "De ap nan yon kabann; M ap pran youn, M ap kite youn. De ap nan jaden an; M ap pran youn, M ap kite youn."

178 O Bondye, ede nou pou n rete pi nan—nan je Ou, Seyè, kèlkeswa sa moun panse sou nou, sa lòt moun di. Seyè, se pou nou sen... konvèsasyon nou yo sen. Se pou l asezonnen ak Pawòl Bondye a; sitelman asezonnen, Seyè, ke pa gen okenn riz ke yo jwenn nan nou. Pandan n ap plede, pou pwòp erè nou yo, ke San Jezikri a kanpe ant nou menm ak Bondye, pou ke Li gade nou atravè San Jezi a; pa akòz pwòp jistis nou, ni ki moun nou ye, sa nou te fè, men akòz merit Li sèlman. Bondye, akòde li!

179 Ke pa gen yon moun ki chita isit la aswè a epi ki tande Mesaj la, ke pa gen youn nan yo ki pèdi, depi pi piti timoun lan jiska sila ki pi gran moun lan. Se pou dezi sen yo kapab sèlman pou Bondye ak Pawòl Li a. Nou pa konnen ki lè Li ka parèt, ni ki lè Li ka rele nou pou reponn laba a nan Jijman an. Nou pa konnen ki lè Li ka, jan sa konn ye a, retire kat nou an nan etajè a, pou Li di: "Se lè pou w retounen lakay. Ou dwe pati." Bondye, ede nou rete pi. Akòde li, Seyè.

180 Ke nou viv jouk Vini Seyè a, si sa posib. Se pou nou fè tout sa ki nan pouvwa nou, ak lanmou ak konpreyansyon, pou n konprann ke Bondye ap chache toupatou nan mond lan, jodi a, pou jwenn tout brebi ki pèdi. E ke nou pale avèk yo ak pawòl ki asezonnen ak lapriyè ak lanmou ak Pawòl Bondye a, pou ke nou ka jwenn dènye sa a, pou nou ka ale Lakay nou, epi soti nan vye Eden Satan isi ba a, Seyè.

181 Tout bagay sa yo bati sou konvwatiz, ak bèl fanm, jan yo rele sa nan mond lan, ak piblisite yo fè la, "Nou fè piblisite, epi nou bezwen ti gason yo vini ak konfiti sou figi yo, ak bèl ti fi ki mete bout pantalon sou yo," jis sou radyo ak televizyon nou yo; ak tout kalite salte ak tach, ak Hollywood; tout kalite rad seksyèl, sal, souye pou fanm yo. Epi—epi gason yo ki pèvèti epi yo pran rad fanm, epi yo koupe cheve yo tankou fanm; epi fanm tankou gason.

182 O Bondye, ala yon lè tèrib ke n ap viv la! O, vini, Seyè Jezi, vini! Vini non, Seyè! Netwaye nou ak San an. Wete tout souyi ak malpwòpte sou nou. Pèmèt ke nou viv, Seyè, pèmèt ke nou viv anba San an, toujou, devan je Ou. Se dezi kè nou, ak lapriyè sensè nou an.

183 Chè Bondye, gen bagay ki depoze sou plat-...oswa sa yo, sou chè a, aswè a, kote Levanjil la te pote. Seyè, isit la gen mouchwa ki depoze ak ti pake ki pral jwenn malad ak aflije yo. Pèmèt ke lapriyè lafwa a, Seyè, tonbe soti nan kè nou kounye a, devan W. Alò, Seyè, si gen yon bagay ki pa pwòp nan nou, Seyè, pran... mennen nou nan jijman kounye a; epi nou sipliyè W pou gen pitye. Revele nou sa n ap fè ki mal, Seyè, pou nou ka mande, pou nou pran San an epi netwaye nou. Geri moun malad sa yo epi geri yo, Papa, nenpòt ki kote a, kèlkeswa kote y ale. Se pou sa fèt konsa, Papa.

184 Ban nou detèminasyon pou nou sèvi Ou, e Ou menm sèl. Akòde li, Seyè.

185 Bay sekirite a presye moun sa yo ki sou wout pou retounen lakay yo.

186 Mèsi pou jan Ou geri pèp la. Epi sè Shepherd ak ti gason frè Shepherd la, ki te blese sou bisiklèt la, mwen priye pou pa gen okenn mal ki rive nan sa; ti kanmarad la t ap monte bisiklèt li a, mwen priye pou l vin byen. Nou remèsye Ou pou gerizon Ou pou lòt moun sa yo ke nou te mande yo. "Epi nou konnen ke sa nou mande a, nou resevwa, paske nou gen konfyans nan Sila a ki te fè pwomès la."

187 Ban nou lagras Ou, Seyè, epi padone nou pou peche nou yo, nou mande nan Non Jezikri. Amèn.

188 Èske nou renmen L? Èske nou kwè nan Li? Èske nou malad epi nou fatige ak wayòm Satan an? Èske nou kwè L ap vini nan Milenyòm lan, nan Milenyòm Li an; pa L la, nan Edenn pa L la? Èske nou kwè I ap pran fòm li jodi a?

189 Gade, tout bagay baze sou entelektyèl. Tout, tout bagay, yo dwe pwouve I syantifikman anvan yo kwè I.

190 E ou pa ka pwouve Bondye syantifikman. Ou dwe aksepte L pa lafwa, "Paske moun ki vin jwenn Bondye dwe kwè ke Li egziste, epi Li rekonpanse moun k ap chèche L avèk dilijans."

191 O Bondye, mwen pa vle konnen anyen ke San Jezikri ki netwaye m nan peche. Mwen pa konnen anyen ke Jezikri. E jan Pòl te di nan tan lontan, se sa mwen di aswè a: "Mwen pa konnen anyen nan mitan nou, esepite Jezikri, e Limenm ki te krisifye a."

192 Se tout sa m konnen pou m di nou. Sa, Bib sa a, mwen kwè ak tout kè m (si mwen konnen kè m), se Pawòl Bondye a ki pafè san melanj. Se pa Sa ke m ap viv. Se sou Li mwen fonde. E si mwen te gen dimil vi, mwen ta renmen bay chak ti moso pou Pawòl sa a, paske se Pawòl Jezikri a. E mwen pa bay enpòtans konbyen yo ka eseye demanti Li, konbyen lasyans eseye di Li pa diy de konfyans, elatriye, pou mwen, Se sèl bagay nan mond lan mwen ka fè konfyans, se Pawòl sa a. Li pou mwen. Mwen renmen Li. Ou pa renmen L? [Kongregasyon an di: "Amèn." — Editè a.]

193 Si gen yon peche nan kè ou, si gen yon fot nan kè ou, si ou gen nenpòt bagay, priye kounye a epi mande Bondye pou padone ou. Priye pou mwen; Mwen pral priye pou nou. Bondye beni nou, se lapriyè mwen.

Jiskaske nou rankontre! Jiskaske nou rankontre!

Ke Bondye demere avèk ou jiskaske nou rankontre ankò!

194 Èske nou renmen youn lòt? [Kongregasyon an di: "Amèn." — Editè a.] Jan te di: "Timoun yo, renmen youn lòt." "Se pou nou renmen youn lòt, paske lanmou kouvri yon pakèt peche." Kounye a, annou chak bay lòt lamèn.

Ke Bondye demere avèk nou jiskaske nou rankontre ankò!

Jiskaske nou rankontre! jiskaske nou...

195 Kounye a, se pou nou janti youn ak lòt. Fè jantiyès ak tout moun. Trete pwochen nou byen. Kenbe tèt ou san tach jiskaske Jezi vini.

... pye;

Jiskaske nou rankontre! jiskaske nou rankontre!

Ke Bondye demere avèk nou jiskaske nou rankontre ankò!

196 Nou renmen Li? Se priyè mwen. Priye pou mwen; Mwen va priye pou nou. Mwen oblije retounen Tucson kounye a. Epi mwen—mwen priye pou Bondye beni nou tout. Mwen pral soti la pou m ale Kanada, epi retounen nan Kolorado; ankò, ankò, ankò, ou wè. Jiskaske...

197 Frè Tony laba a, e gen yon gwo bagay ki rive. Drèt laba a nan Vatikan, nan lavil Wòm, y ap kriye pou yon revèy, yon reyinyon, pou m vin la epi fè yon revèy nan lavil Wòm, nan lavil Wòm. Li fenk tounen dèyè a. Tout moun yo dakò. Yo gen yon gwo tèren laba, ki gen dè milye e dè milye de plas, e yo vle m vini pou yon revèy. Yo vle wè glwa Seyè a nan ministè a. M pa konnen. Mwen dwe priye sou sa, pou m wè kisa Seyè a pral di m. O la la! Sonje, priye, nou tout ansanm. N ap travay...

N ap veye vini Sovè beni nou an,

Gade, men fèy figye yo vin vèt.

Levanjil Wayòm Li an ale nan tout nasyon;

Epi nou tou pre lafen an, nou ka wè li.

198 Èske se vre?

Lè sa a, avèk kè kontan, nou pral anonse Mesaj aparisyon beni L la ,

Byento L ap vini nan laglwa, pou L di tout moun;

Alò reveye, nou menm sen Seyè a, poukisa n ap dòmi lè lafen an ap pwoche?

Ann pare pou dènye apèl sa a.

199 Li pral vin tounen soti nan lwès epi li va galope tounen ankò, youn nan jou sa yo, jis sonje.

Se sèten l ap fè l. E se vre. Jiska lè sa a:

Pran Non Jezi avèk ou,

Timoun ki nan lapenn ak nan malè;

L ap ba ou lajwa ak rekonfò,

Pran li, tout kote ou prale.

Non presye (Non presye), O ala dous!

Espwa sou tè a ak lajwa nan Syèl la;

Non presye, o ala dous! (ala dous!)

Espwa sou tè a ak lajwa nan Syèl la.

Koube devan Non Jezi,

Tonbe ajenou nan pye L,

Nan Syèl la nou pral kouwone Li Wa dè wa,

Lè vwayaj nou an fini.

Non presye, o ala dous!

Espwa sou tè a ak lajwa nan Syèl la;

Non presye, o ala dous!

Espwa sou tè a ak lajwa nan syèl la.

200 Kounye a, dènye kouplè sa a, ann chante li ak kè nou bese kounye a.

Pran Non Jezi avèk ou,

Tankou yon plak k ap pwotèje kont tout pyèj;

Epi lè tantasyon rasanble bò kote w, (bagay sa yo ki soti nan wayòm Satan an, ou wè,
ou wè)

Jis mimire Non sa a nan lapriyè.

201 Se tou; alò kontinye wout ou. Sa mache. Mwen eseye l. Jis kwè li kounye a, paske sa ap
mache. Jis respire Non sen Li an nan lapriyè.

... Non Jezi avèk ou,

Tankou yon plak k ap pwotèje kont tout pyèj;

Lè tantasyon yo rasanble alantou ou, (Kisa ou fè lè sa a?)

Jis mimire Non sen sa a nan lapriyè. (Vwal la pral vin sou figi ou lè sa a.)

Non presye (Non presye), O ala dous!

Espwa sou tè a ak lajwa nan Syèl la;

Non presye, o ala dous!

Espwa sou tè a ak lajwa nan Syèl la.

202 Ann bese tèt nou kounye a, pandan m ap mande Frè Beeler dèyè a la pou l vin isit la sou platfòm lan. [Frè Branham kòmanse fredonnen *Pran Non Jezi Avèk Ou*— Editè a.]

Jis mimire Non sen Li a nan lapriyè.

203 Ranvwaye nou, Frè Beeler. Ranvwaye nou nan lapriyè.

Non presye...

Espwa sou tè a ak lajwa nan Syèl la;

Non presye (Non presye), O ala dous!

Espwa sou tè a ak lajwa nan Syèl la.

204 Kounye a, ak tèt nou bese, ak kè nou bese. Frè Beeler, youn nan asosye nou yo isit la, Frè Estle Beeler, yon bon frè Kreyen, yon nonm fidèl. Mwen pral mande l si li vle ranvwaye oditwa a, aswè a, nan lapriyè. Bondye beni w, Frè Beeler.